



Mizajou Pwen Preferans yo

Konprann kijan chanjman
pwogram yo afekte aplikan yo

Tablo Kontni yo

Rezime Chanjman yo

1

- Kisa Pwen Preferans yo ye?
- Poukisa chanjman sa yo ap fèt?
Yon ti entwodiksyon sou chanjman yo

Rezidans ak Travay nan Cambridge

2

- Ki moun ki kalifye pou Pwen Preferans pou Rezidans oswa Travayè ki baze nan Cambridge?
- Ki dokiman sipò ki nesesè?

Bezwen Lojman Ijans

3

- Kisa ki kalifye kòm Bezwen Lojman Ijans?
- Ki dokiman sipò ki nesesè?

Fanmi ki Gen Timoun

4

- Kisa ki chanje ak Pwen Preferans pou Fanmi ki gen Timoun yo?
- Ki dokiman sipò ki nesesè?

Veteran Etazini yo

5

- Ki moun ki kalifye pou Pwen Preferans pou Veteran Etazini?
- Ki dokiman sipò ki nesesè?

Pwochen Etap yo

6

- Detèmine si ou bezwen mete aplikasyon w lan ajou
- Mete aplikasyon w lan ajou (si sa nesesè)



Kis a Pwen Preferans yo ye?

Vil la bay Pwen Preferans pou aplikasyon ki satisfè kritè sa yo kòm yon fason pou bay priyorite a fanmi ki nan gwoup aplikan yo.

- Rezidans Cambridge
- Travayè ki baze nan Cambridge
- Moun ki gen bezwen ijans
- Fanmi ki gen timoun ki poko gen 18 an
- Veteran Militè Etazini

Ki nouvote ki genyen nan pwen preferans yo?

Vil la bay Pwen Preferans pou aplikasyon
ki satisfè kritè sa yo.

Sa ede bay priyorite a fanmi ki nan gwoup
aplikan yo.

- **Rezidans Cambridge 12 pwen**

Yo te ba yo 4 pwen anvan.

- **(Nouvo) Travayè ki baze nan Cambridge
5 pwen**

Ki bay sèlman si ou pa yon rezidan Cambridge.

- **Moun ki Gen Bezwen Ijans 3 pwen**

Yo te ba li 1 pwen anvan. Genyen tou nouvo kritè
kalifikasyon.

- **Fanmi ki gen timoun ki poko gen 18 lane 2 pwen**

Nou pa bay pwen ankò pou
fanmi ki gen timoun ki poko gen 6 an.

- **(Nouvo) Veteran Militè Etazini 1 pwen**

Poukisa Chanjman yo?

- Gen yon kantite limite inite lojman abòdab.
- Bezwen pou apatman abòdab depase kantite apatman ki disponib.
- Vil la bezwen pataje resous limite sa a nan yon fason ki jis e ekitab.



2

Pwen Preferans Rezidan Cambridge yo

Pwogram Inclusionary Rental Housing la konsantre sou ede fammi ki deja ap viv nan Cambridge.

Apwòch sa a gen pou objektif diminye depلاسman nan yon mache lojman ki difisil. Li ranfòse koneksyon kominote a tou.

Pwogram Inclusionary Rental Housing la ap ogmante pwen preferans Rezidan Cambridge yo. Yo ap chanje soti nan **4 pwen pou rive 12 pwen**

Apèsi sou Pwen Preferans Rezidan Cambridge yo

Rezidans Cambridge yo

Pwogram Inclusionary Rental Housing la bay priorite a fanmi ki deja ap viv nan Cambridge kòm yon fason pou limite depasman nan yon mache lojman konpetitif epi ranfòse lyen kominote a.

Rezidans Cambridge yo
Aktyèlman 4 pwen



Rezidans Cambridge yo
Pase a 12 pwen

Definisyon Rezidan Cambridge

- Kay pèmanan aplikan an se nan Vil Cambridge.
- Aplikan an ap viv andeyò Cambridge. Li te oblije kite kay li nan Cambridge nan 12 dènye mwa yo apre yon jijman tribinal "san fòt".
- Cambridge Housing Authority (Otorite Lojman Cambridge) te bay aplikan an yon kupon lokatè nan 12 dènye mwa yo, men aplikan pa rete Cambridge.
- Aplikan an ap viv nan yonabri oswa yon lojman tranzisyon ke yon founisè sèvis sosyal jere nan Cambridge, oubyen;
- Aplikan an ap viv nan yonabri oswa li pa gen lojman pèmanan. Dènye kay ki estab li se te nan Cambridge.

Pwen Preferans Rezidan Cambridge yo

Kijan pou Kalifye

Pou aktyèl rezidan Cambridge yo: Moun k ap viv Cambridge kounye a dwe bay dokiman ki jistifye sa ki nan tablo pi ba a.

Opsyon 1: Bay **yon** dokiman nan **kategori A** ak **yon** dokiman nan **kategori B**; **oubyen**

Opsyon 2: Bay **twà** dokiman nan **kategori B**; **oubyen** Bay **de** dokiman nan **kategori B** epi

Opsyon 3: **de** dokiman nan **kategori C**.

Kategori A

- Kontra-lwaye aktyèl la
- Lèt ki soti nan yon abri oswa yon etablisman lojman tranzisyon nan Cambridge
- Koupon Aktyèl Akò oswa Fèy Verifikasyon Revni nan Travay

Kategori B


- Fakti Sèvis Piblik Aktyèl (elektrik, gaz, petwòl, kab)
- Kat ID Massachusetts
- Aktyèl Enskripsyon nan Lekòl Piblik Cambridge
- Anrejistremen Machin
- Deklarasyon Taks Federal (Fòm 1040)
- Deklarasyon Asirans Lokatè a
- Twa mwa lwaye
- Taks Patikilye (Excise Tax Bill)

Kategori C

- Relve bankè oswa lòt Institisyon Finansye
- Relve Kat Kredi
- Fakti Telefòn Selilè
- Lèt oswa Deklarasyon Avantaj Piblik
- Fakti oswa Papyè Medikal
- Aktyèl Enskripsyon pou Pote

Èske mwen Bezwen mete Aplikasyon Mwen an Ajou?

**Rezidan
Cambridge yo**



Pwen Preferans Travayè ki Baze nan Cambridge

Pwogram Inclusionary Rental Housing la bay anpil valè a kontribisyon travayè Cambridge yo. Lè nou bay opsyon lojman pou travayè ki baze nan Cambridge, nou ka diminye efè vwayaje pou travay sou klima a.

Pwogram Inclusionary Rental Housing la kounye a gen ladan li **5 pwen preferans** pou travayè ki baze nan Cambridge.



Apèsi sou Pwen Preferans Travayè ki Baze nan Cambridge

Nouvo Travayè ki Baze nan Cambridge

Pwogram Inclusionary Rental Housing la kounye a bay 5 pwen preferans pou moun k ap travay nan Cambridge.


Pwen Preferans pou Travayè ki Baze nan Cambridge: **5 Pwen**

Travayè ki baze nan Cambridge

- Yon chèk peman aktyèl ki endike kote aplikan an ap travay la. Yo ka mande yon lèt anplwa si li pa klè sou baz chèk peman yo.
- **Pou aplikan ki travay ak tèt yo:** Dokimantasyon sou aranjman espesifik pou yo fè travay yo nan Cambridge lè yo kenbe yon espas travay pèmanan nan Cambridge, oubyen pou yo demontre ke travay yo limite a oswa sitou nan Cambridge

Èske mwen Bezwen mete Aplikasyon Mwen an Ajou?

Anplwaye ki baze nan
Cambridge





3

Pwen Preferans pou Bezwen Lojman Ijans

Vil Cambridge la bay pwen preferans pou fanmi ki gen bezwen lojman ijans ki kalifye. Sa ede akselere jwenn lojman pou moun ki satisfè nòm yo.

Pwogram Inclusionary Rental Housing la **te mete ajou sa ki kalifye** ak kijan pou jwenn pwen preferans pou bezwen lojman ijans.

Fanmi yo sèlman kalifye pou **3 Pwen Preferans pou Bezwen Ijans**. Yo pa kimilatif.

Pwen Preferans pou Bezwen Lojman Ijans

Pwen Bezwen Lojman Ijans

Pou fanmi k ap fè fas ak kriz espesifik,
gen 3 pwen

Kategori Bezwen Ijans Ki Mete Ajou
Apati 25 Jiyè 2025: **3 Pwen**

Bezwen Lojman Ijans

- Aplikan an ap fè fas a yon ekspilsyon san se pa fòt li, oswa li te deplase nan yon kay nan 12 dènye mwa yo akòz yon ekspilsyon san se pa fòt li
- Vil la jije kay aplikan an pa abitab, oubyen aplikan an te oblije kite kay la apre yon dezaz natirèl oubyen yon lòt aksidan ki pa t anba kontwòl li (egzanp, dife, inondasyon).
- Aplikan an ap depanse plis pase 50% nan revni li avan taks pou lwaye epi rete nan kay sa a pou omwen 12 mwa
- Aplikan an ap fè fas ak yon ogmantasyon lwaye 25% oswa plis, sa ki ta lakòz li peye plis pase 50% revni li avan taks pou lwaye. Sa dwe se yon ogmantasyon nan kay kote li te rete a pou omwen 12 mwa.
- Aplikan an pa gen yon lojman pèmanan, l ap viv nan yonabri oswa yon lojman tranzisyon, oswa li sanzabri.
- Aplikan an te kouri nan 12 dènye mwa yo oswa ap eseye chape pou li anba **vyolans domestik**

Apèsi sou Bezwen Lojman Ijans : Eks pils yon San Se Pa Fòt ou

Kritè Mizajou yo

Èske ou te fè fas oswa èske w ap fè fas ak ekspilasyon san se pa Fòt nan 12 dènye mwa yo?

Kijan pou Kalifye

Dokiman sa yo dwe soumèt:

- Yon kopi yon dokiman tribinal ki endike ke yon aksyon pwosesis somè te kòmanse epi li rete aktif; **oubyen**
- Yon kopi jijman oswa akò ki te antre kont aplikan an; **epi**
- Nan kèlkeswa ka, dokiman sa a dwe montre ke aksyon an pa te fèt akòz oswa pou fot aplikan an oswa manm nan fwaye aplikan an.

Apèsi sou Bezwen Lojman Ijans : Deplasan

Nouvo Kategori Bezwen Ijans

Depi ou te aplike a, èske ou te oblije kite kay ou akòz yon dezaz ke ou pa t lakoz? Oubyen, depi ou te aplike a, èske Sèvis Enspeksyon yo te jije kay ou a pa abitab?

Kijan pou Kalifye

Dokiman sa yo dwe soumèt:

- Avi pou kite kay la oswa kondanasyon ki soti nan men komisè konstriksyon an oswa yon lòt ofisyèl ki aplike kòd lokal la ki endike ke reparasyon yo estime ap pran plis pase de mwa pou fini.

Apèsi s ou Bezwen Lojman Ijans : Fado Lwaye

Kritè Mizajou yo

- Èske ou peye plis pase 50% nan revni fanmi ou pou lojman?
- Èske ou gen omwen yon ane depi w ap viv la?
- Oubyen, èske lwaye w la ap ogmante plis pase 25%, sa ap fè l plis pase 50% revni w?

Kijan pou Kalifye

Dokiman sa yo dwe soumèt:

- Yon kopi yon kontra lokasyon oswa yon lòt akò lokasyon alekri pou rezidans aplikan an;
- Dokiman ki montre omwen 2 mwa revni pou tout moun adilt nan kay yon aplikan; **epi**
- Relve labank pou tout kont yo tout moun ki nan kay la.

Pou moun k ap fè fas ak yon ogmantasyon lwaye 25%:

- Anplis de sa, yon lèt ki soti nan men manadjè pwopriyete a ki endike montan lwaye aktyèl la ak montan lwaye ki ogmante a.

Apèsi s ou Bezwen Lojman Ijans : Moun ki Sanzabri oswa san Lojman

Kritè Mizajou yo

Èske w sanzabri, oswa w ap viv nan yonabri,
oswa nan
lojman tranzisyon pou yon tan limite?

Kijan pou Kalifye

Dokiman sa yo dwe soumèt:

- Yon lèt ki soti nan yonabri ijans;
- Yon lèt ki soti nan yon etablisman lojmantranzisyon; yon dokiman ki siyen pa aplikan an ak yon travayè sosyal nan rechèch lojman, yon founisè sèvis sosyal, anplwayeabri a, anplwaye lekòl, avoka, pwofesyonèl medikal oswa travayè sosyal oswa pwofesyonèl sante mantal ke aplikan an te chèche asistans nan men li konsènan sanzabri oswa rechèch lojman. Dokiman an dwe presize, anba pinisyon pou fo temwayaj, ke pwofesyonèl la kwè aplikan an pa gen yon lojman pèmanan oswa l ap viv san lojman.

Apèsi sou Bezwen Lojman Ijans : Vyolans Domestik

Nouvo Kategori Bezwen Ijans

Èske ou te kouri chape oswa ap eseye kouri chape poul ou poutèt vyolans domestik nan 12 dènye mwa yo?

Kijan pou Kalifye

- 1) Ensidan abi a oswa ensidan abi yo te rive nan lespas 12 mwa apre
 - **A)** Aplike pou Inclusionary Rental Housing, **oswa**
 - **B)** demann aplikan an pou yo konsidere li pou estati sa a; **epi**
- 2) Agresè a se yon manm nan kay viktim nan; **epi**,
- 3) Aplikan an te deplase kite rezidans li epi li pa jwenn yon lojman pèmanan, oubyen li an risk pou deplase kite rezidans li akòz vyolans domestik oubyen pèt revni nan men yon agresè ki se yon manm nan kay aplikan an.

Apèsi s ou Bezwen Lojman Ijans : Vyolans Dome s t i k

Nouvo Kategori Bezwen Ijans

Èske ou te kouri chape oswa ap eseye kouri chape poul ou poutèt vyolans domestik nan 12 dènye mwa yo?


Kijan pou Kalifye

Dokiman sa yo dwe soumèt:

- A) Yon kontra lokasyon oswa yon lòt dokiman ki montre manm fanmi viktim nan; **epi**
- B) Yon kopi yon rapò lapolis oswa yon dosye tribinal ki montre ensidan vyolans domestik la ak idantifikasyon moun ki te fè agresyon an; **oubyen**
- C) Yon dokiman ki gen siyati viktim nan ak yon anplwaye, yon ajan, oswa yon volontè yon founisè sèvis pou viktim, yon founisè sèvis sosyal, anplwayeabri pou vyolans domestik, anplwaye lekòl, avoka, pwofesyonèl medikal, oswa travayè sosyal oswa pwofesyonèl sante mantal.

Èske mwen Bezwen mete Aplikasyon Mwen an Ajou?

**Bezwen Lojman
Ijans**



4

Pwen Preferans pou Kay ki gen Timoun

Avèk yon kantite limite apatman 2 ak 3 chanm, Pwogram Inclusionary Rental Housing la te **mete ajou kritè pwen preferans** pou fanmi ki gen timoun yo.

Kay ki gen timoun ki gen **6 an** oswa mwens p **ap resevwa** pwen anplis **ankò**.

Sa ap ofri yon aksè pi ekitab pou inite ki gen gwoèsè pou fanmi yo.

Apèsi s ou Pwen Preferans Kay ki gen Timoun

Pou ede reponn a demann lojman pou fanmi yo, kay ki gen timoun yo jwenn pwen preferans.

Pwen preferans pou kay ki gen timoun ki poko gen 6 an pa aplikab ankò.


Kay ki gen timoun ki poko gen 18 an ap resevwa **2 pwen preferans**.

Kijan pou Kalifye

- Moun ki gen timoun ki poko gen 18 an dwe bay akdenesans
 - Si gen gad pataje, paran yo dwe demontre ke timoun nan (yo) pase omwen 30% nan tan yo ap viv nan kay aplikan an

Èske mwen Bezwen mete Aplikasyon Mwen an Ajou?

**Kay ki gen Timoun
ki Poko Gen 18 an**





5

Pwen Preferans pou Veteran Lame Etazini

Veteran Etazini yo, ki te soti nan lame yon fason onorab ka resevwa [yon pwen preferans](#) pou sèvis yo.

Apèsi s ou Kay ki Gen Veteran

- Èske ou se yon veteran ameriken ki te demisyone avèk onè?
- Èske ou se vèv yon veteran lame Etazini ki te demisyone avèk onè

Ou pa ka konbine pwen yo.


Pwen Preferans pou Kay Veteran: [1 Pwen](#)

Kijan pou Kalifye

- Papye DD-214 oswa papye demisyon menm jan an

Èske mwen Bezwen mete Aplikasyon Mwen an Ajou?

Mizajou sou Veteran Lane Etazini



Kisa ki Vini Apre?

- Eseye [lis verifikasyon sou entènèt la](#) pou ede w detèmine si w bezwen mete aplikasyon w lan ajou ak Cambridge Housing Department (Depatman Lojman Cambridge)
- Sèvi ak lis verifikasyon an pou rasanble tout dokiman ou bezwen pou mete aplikasyon w lan ajou.
- Soumèt dokiman ki ajou yo lè w sèvi ak lyen inik ou te resevwa lè nou te voye yon imel ba ou pou avize w de chanjman yo oubyen voye vèsyon papye a pa lapòs.

Kontakte Cambridge Housing Department la si ou gen nenpòt kesyon



RentalUpdate2025@cambridgema.gov



617-349-4600